

Grip H1N1 ak Grip Sezonye: Diferans ak Resanblans

Anpil moun ap mande ki diferans ki genyen ant grip sezonye ak grip H1N1. Se yon nouvo viris ki lakòz moun trape grip H1N1. Nouvo viris sa a diferan ak grip sezonye nou wè anjeneral chal sezon lotòn ak livè. Viris ki lakòz grip sezonye a chanje enpe chak ane, men chanjman yo piti epi moun gen kèk rezistans nan viris la. Ane sa a, viris grip ki transmèt la se yon viris ki nouvo ak tèlman diferan sa fè anpil moun, sitou pi jenn moun yo, pa genyen anpil rezistans. Se rezon sa a ki fè anpil moun malad nan sezon prentan an epitou nou prevwa wè plis moun, sitou timoun, vin malad avèk grip la pou sezon livè ak prentan sa a.

Chak ane moun vin malad avèk grip la epitou chak ane kèk moun mouri oswa entèn nan lopital akòz grip la. Avèk grip H1N1, moun ki gen plis chans pou trape grip la epi ki kapab vin pou malad se fanm ansent, timoun ki poko gen laj 5 ane, moun nenpòt laj ki gen maladi kache, tankou opresyon, dyabèt, oswa maladi poumon, moun ki poko gen laj 19 ane k ap pran terapi aspirin alontèm, moun ki gen laj 65 ane oswa plis, ak moun k ap viv nan mezon retrèt ak nan lòt sant ki trete moun ki gen maladi kwonik.

Pou pi bon pwoteksyon ou, al pran vaksen

Paske pran vaksen an se pi bon pwoteksyon kont grip H1N1, li enpòtan pou tout moun pran vaksen an san pèdi tan. Apati 10 desanm 2009, vaksen kont H1N1 disponib kounye a pou tout moun, epitou nenpòt moun ki gen plis pase laj sis (6) mwa kapab ak ta dwe pran vaksen an.

Li enpòtan sitou pou moun ki pi frajil nan H1N1 pou yo pran vaksen. Pami moun ki pi frajil yo, genyen fanm ansent, moun k ap viv avèk timoun ki poko genyen laj 6 mwa oswa k ap pran swen yo, travayè swen sante, repondè medikal nan ijans, moun ki gen laj ant 6 mwa ak 24 ane, ak moun ki gen laj 35-64 ane ki genyen twoub sante kwonik oswa sistèm iminitè frajil. Paske grip sezonye a kapab deklare anmenmtan ak grip H1N1, ou ta dwe pran vaksen kont grip sezonye a tou si li disponib pou ou. Apre ou fin pran vaksen an, w ap gen mwens chans pou gaye grip la.

Pou kisa pou mwen vaksinen kounye a; èske aktivite grip la pa bese?

Anjeneral, pifò aktivite grip la nan Eta Nouyòk fèt ant mwa Janvyè ak mwa Mas epi sezon grip la rive jiska mwa Me. Si w pran vaksen kounye a kont grip sezonye a ak vaksen kont grip H1N1 sa ap bay pwoteksyon pou ou kont grip la pou rès sezon livè ak prentan sa a.

Siveye sentòm grip la

Pami sentòm grip la, genyen lafyèv, tous, nen k ap koule, gòj fèmal, doulè nan kò, maltèt, frison ak fatig. Avèk sentòm grip H1N1 genyen dyare ak vomisman. Si ou genyen sentòm sa yo, rete lakay ou epi pa pran twòp kontak avèk lòt moun jouk omwen 24 èdtan apre lafyèv ou fin ale san ou pa pran medikaman pou sa. Pifò moun kapab refè nan grip la lakay yo san yo pa bezwen tretman medikal. Men, si ou nan gwo risk pou konplikasyon grip la, kontakte doktè ou.

Batay kont grip la

Fè etap sa yo chak jou pou anpeche transmisyon mikwòb ak pou diminye risk pou trape grip la:

- Kouvri nen ou ak bouch ou avèk yon klinèks lè w ap touse oswa etènye, oswa etènye nan manch rad ou - pa nan men ou. Jete klinèks la nan fatra apre ou fin itilize li.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo tyèd, sitou apre ou fin touse oswa etènye. Ajan netwayaj men abaz alkòl bon tou pou itilize sou ou pa toupre yon evye.

H1N1

La grippe H1N1 et la grippe saisonnière

KONNEN sa pou fè konsènan GRIP la!

- Pa manyen zye, nen oswa bouch ou. Mikwòb gaye nan fason sa a.
- Eseye pa pran kontak sere avèk moun ki malad. Rete sou yon distans omwen sis (6) pye avèk moun k ap touse oswa k ap etènye.
- Si ou genyen grip la epi ou bòkote moun, ou ta dwe mete yon mask figi. Si ou dwe pran swen yon moun ki gen grip la epi ou nan gwo risk pou trape maladi grav si ou ta vin malad, ou ta dwe mete yon mask tou.

Vous pouvez obtenir plus d'informations sur la grippe sur www.nyhealth.gov et www.flu.gov.